

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan judulna “Kumpulan Carpon *Geulang Koroncong* Karangan Holisoh M.E pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas IX (Ulikan Féminisme)”. Anapon tujuan anu dihontal, nya eta (1) citra wanoja naon waé anu kapanggih dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong*; (2) kalungguhan wanoja dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong*; jeung (3) larapna hasil kajian féminisme dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong* pikeun bahan pangajaran maca di sakola. Téori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téori Djajanegara, ngeunaan féminisme jeung téori Nasution ngeunaan kritéria milih bahan ajar.

Dumasar kana hasil tina panalungtikan 10 carpon nya éta “Amanat Uyut Istri”, “Koper Séng”, “Geulang Koroncong”, “Surat ti Apa”, “Anis”, “Alo Ima”, “Wates”, “NYi Emar Tukang Opak”, “Lalajo Imtihan”, jeung “Dikreul” dianggap ngébréhkeun citra jeung kalungguhan wanoja anu nyampak dina tokoh wanoja. anapon citra wanoja anu diguar nya éta citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat. Dina kalungguhan wanoja anu diguar nya éta kumaha kalungguhan tokoh wanoja dina kahirupanana boh di lingkungan kulawarga, boh di lingkungan masarakat, kitu ogé di pacabakan jeung atikan.

Kalungguhan wanoja anu aya dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong* ieu umumna aya dina lingkungan kulawarga, salaku indung. Contona baé dina “Surat ti Apa”, “Anis”, “Nyi Emar Tukang Opak”, “Lalajo Imtihan”, jeung “Dikreul” anu tokoh utamana disebutkeun salaku indung ti sababaraha budak. Najan teu réa digambarkeun kalungguhan tokoh wanoja di lingkungan masarakat, di pacabakan jeung di atikan, tapi saliwat mah dibahas dina carpon “Amanat Uyut Istri”, “Geulang Koroncong”, “Anis”, jeung “Alo Ima”. Salian ti kalungguhan wanoja, aya ogé citra wanoja anu kapanggih téh réréana citra psikis wanoja jeung citra wanoja di kulawarga. Citra fisik wanoja jeung citra wanoja di masarakat mah ngan aya di sababaraha carpon ti sapuluh carpon, nya éta dina carpon “Amanat

Uyut Istri”, “Geulang Koroncong,” Nyi Emar Tukang Opak”, “ Lalajo Imtihan”, jeung “Dikreul”.

Tina 10 carpon anu geus dianalisis, aya 3 carpon anu bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas IX. Éta carpon anu bisa dijadikeun bahan pangajaran lantaran nyumponan sababaraha kritéria dina milih bahan ajar anu hadé dumasar kana kritéria anu geus didadarkeun dina bab II.

5.2 Saran

Sanggeus ngayakeun panalungtikan ngeunaan analisis féminisme anu ngawengku citra wanoja jeung kalungguhan wanoja dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong* karangan Holisoh M.E, di dieu aya sababaraha hal atawa saran, saran pikeun masarakat akademik atawa nu maca, lembaga paélmuan, jeung mahasiswa atawa panalungtik saterusna.

1) Saran pikeun Masarakat Akademik atawa Nu Maca

Pikeun masarakat akademik dipiharep bisa wanoh kana ulikan ngeunaan citra wanoja jeung kalungguhan wanoja anu masih kénéh saeutik. Kitu deui, kritik sastra féminisme anu can réa dipedar ku panalungtik sastra, hususna sastra Sunda.

2) Saran pikeun Lembaga Paélmuan

Lembaga paélmuan dipiharep mampuh ngahudang karep di lingkungan akademis kana aprésiasi kajian sastra atawa kritik sastra dina widang kritik sastra féminisme utamana kana citra wanoja jeung kalungguhan wanoja. Kajian sastra féminisme mangrupa salah sahiji ulikan anu masih réa anu kudu ditalungtikna, sabab ulikan féminisme masih kénéh can réa anu minat.

3) Saran pikeun Mahasiswa atawa panalungtik saterusna

Ieu panalungtikan masih kénéh réa kahéngkérana. Ku kituna, panalungtik saterusna dipiharep bisa maham kana ulikan féminisme. Salian ti éta, panalungtik saterusna dipiharep bisa leuwih neuleuman deui karya sastra nu miboga ajén-inajén féminisme, lantaran dunya féminisme masih mekar jeung ngamekarkeun konsép-konsépna.